


- A’jiniyaz atindag’i  No’kis Ma’mleketlik Pedagogikaliq Institut
- Muzika ta’limi bakalavr basqishi 4 kurs talabasi
- ’ Kaipova Qumardi’n’  Muzika oqitiwdin’ inovatsion pedagogika texnologiya pa’ninen
- O’z betinshe jumisi

2016



# Tema: Besik ji’rlari’.

- **Maqset:**
- **Bilimlendiriw:**
- Woqi’wshi’larg’a besik ji’ri’ haqqi’nda tu’sinik beriw ha’m wolardi’ basqa da millettin’ besik ji’rlari’ menen tani’sti’ri’w.
- **b) Ta’rbiyali’q:**
- Woqi’wshi’larda muzi’kag’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w.
- **v) Rawajlandi’ri’wshi’:**
- Woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kali’q qa’biletin rawajlandi’ri’w.
- **Metod:** Soraw-juwap, woylan-tap, aqli’w hu’jim, klaster metodlari’nan paydalani’w.
- **Sabaqti’ qurallandi’ri’w:** Muzi’ka a’sbapi’, ko’rgizbe qural, slayd, hoshametlew kartochkasi’, su’wret.


г.Лобня х/а "Сувенир"









# Besik ji’rlari’

Xalqi’mi’zda qa’liplesken da’stu’rge baylani’sli’, shan’araqta jan’a tuwi’lg’an tun’g’i’sh perzent hu’rmetine «Besik toyi’» wo’tkeriledi ha’m yendigiden bi’lay go’dektin’ wo’mirinde 2 – 3 ji’lli’q «besik da’wiri» baslanadi’. Ana bo’peni uyi’qlati’w ushi’n besikti terbetip, qosi’q aytadi’.



- Bunday jag’daylarda arnayi’ ayti’latug’i’n qosi’qlar «Ha’yyiw» yamasa «Besik ji’ri’» dep ataladi’. Analar do’retpeleri bolg’an bul qosi’qlarda balani’ jubati’wg’a qarati’lg’an so’zler, sonday-aq anani’n’ perzenti haqqi’ndag’i’ arzi’w-a’rmanlari’ bayan yetiledi. «Ha’yyiw yesitken bala keleshekte wo’z ata-anasi’na miyrimli, iymanli’, diyanatli’, ana-topi’rag’i’na, yel-jurti’na sadi’q, patriot, watandi’ su’yiwshi, adamlardi’n’ da’rtine sherikles boladi’».

**Nama ti'n'law:**

«Alla»

«Колыбельная»

«Алді»

«Ha'yyiw»





# Sol-major tonli’g’i’

- Sol-major tonli’g’i’ni’n’ tiykarg’i’ tayani’sh perdesi (tonikasi’) «sol» sesti boli’p, skripka gilti aldi’nda bir g’ana fa-diez belgisi bar.
- Sol-major tonli’g’i’nda yari’m tonlar «si» ha’m «do» (III–IV basqi’sh) ja’ne «fa-diez» ha’m «sol» (VII–I basqi’sh) sesleri arasi’nda payda boladi’. Qalg’an basqi’sh (I–II, II–III, IV–V, V–VI, VI–VII) seslerinin’ ha’r biri wo’z-ara 1 ton arali’g’i’nda jaylasqan. Sonday-aq, I–III–V basqi’sh sesleri (sol-si-re) turaqli’, II–IV–VI–VII basqi’sh sesleri bolsa turaqsi’z yesaplanadi’.






Ha'yyiw, ha'yyiw jan balam,
Jigerbentim gu'l balam,
Uyi'qlay-g'oy jani'm, uyi'qlay-g'oy,
Ha'yyiw aytar bul anan'.

Quli'ni'm aqqan ji'rmi'san',
Jani'mni'n' jazi' nurmi'san',
Anan'a kewlin' piterme?
Ja'ha'nnin' ju'zin gu'l qi'lsam.

Aynalayi'n ay balam,
Kewilin' pa'k jan balam,
Kim bolsan'da wo'z yerkin',
Bolago'r jani'm tek adam.

- Sarqi'rap aqqan sayi'msan',
- Kishkene yerketayi'msan',
- Ha'yyiw, ha'yyiw appag'i'm,
- Toli'qsi'p tuwg'an ayi'msan',



O’zbekistan kompazitorlar awqami’ni’n’ ag’zasi’ kompazitor M.Jiyemuratov 1943-ji’li’ Qarazo’k rayoni’nda tuwi’lg’an. Wol No’kis muzi’ka bilim jurti’na woqi’wg’a kirip, 1964-ji’li’ skripka saz asbapi’ boyi’nsha N.Muxammeddinovti’n’ basshi’li’g’i’nda pitkeredi. M.Jiyemuratov 1964-ji’li’ M.Ashrafiy ati’ndag’i’ Tashkent Ma’mleketlik Konservatoriyasi’ni’n’ kompozitorli’q fakultetine woqi’wg’a kirip, 1969-ji’li’ pitkeredi.

Woni’n’ “Bes to’benin’ tawlari’nda”, “Sag’i’ni’sh”, “Ashi’q bolarman”, “Mag’an qushaq ashar 18 ba’ha’r”,“Umi’tpa”, “Aq paxta”, “Aydi’nlar”, “Arali’m qa’ne”, “Besik ji’ri’”, “Sahra qi’zi’na”, “Awi’li’ma kelsen’ asi’g’a”, “Gu’llengen O’zbekistani’m”, “Jetalmasan’ qal jigit” qosiqlari’ bar.

# Klaster

- (Klaster-tutam, baylam)-mag’li’wmat kartasi’n du’ziw joli’- barli’q sistemani’n’ mazmuni’n woraylasti’ri’w ha’m ani’qlaw ushi’n qandayda bir tiykarg’i’ faktor a’tirapi’nda ideyalardo’ ji’ynaw.
- Bilimlerdi aktivlestiriwdi tezlestiredi, pikirlew processine tema boyi’nsha jan’a wo’z-ara baylani’sqan ko’z aldi’na keltiriwlerdi yerkin ha’m ashi’q ja’mlewge ja’rdem beredi.

Klasterdi du’ziw qag’i’ydasi’ menen tani’sadi’. Doskag’a yamasa flipchart wortasi’na tiykarg’i’ so’z yaki 1-2 so’zden ibarat bolg’an tema jazi’ladi’.

Birikpe boyi’nsha tiykarg’i’ so’z benen woni’n’ qasi’nda tema menen baylani’sli’ so’z ha’m usi’ni’slar kishi aylanalar «joldaslar» jazı’p qosi’ladi’. Wolardi’ «tiykarg’i’» so’z benen si’zi’qlar ja’rdeminde birlestiriledi. Bul «joldaslar», “kishi joldaslar” boli’wi’ mu’mkin. Jazi’w aji’rati’lg’an waqi’t dawami’nda yaki ideyalar tawsi’lg’ansha dawam yetiwi mu’mkin.

Dodalaw ushi’n klasterler menen almasadi’.

- ***Ekspert beti №1***





**U’yge tapsi’rma:**

1.Besik ji’ri’ haqqi’nda ayti’p berin’.

2.Marqabay Jiyemuratov kim?

3.Sol-majorda qanday belgi bar?

4.Sol-majordi’n’ turaqli’ ha’m

turaqsi’z seslerin ayti’n’?

5.«Besik ji’ri’» qosi’g’i’n yadlan’.





# Di’qqatlari’n’i’z ushi’n raxmet